

## BAB 5

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi téh judulna *Dongéng-Dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP*. Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan, di antarana nya éta 1) déskripsi dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat. 2) unsur struktural dina dongéng-dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat. 3) analisis ajén atika karakter anu nyampak dina dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat. 4) ngararancang bahan pangajaran ku cara milih dongéng nu cocog pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis.

Dongéng nu kakumpul di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat aya tujuh belas dongéng, nya éta, “Sasakala Randukurung”, “Sasakala Cikawati”, “Sasakala Cukang Kawung”, “Reungas”, “Sasakala Cidahu”, “Somawinata”, “Jalan Somawinata”, “Lapang Siluman”, “Sasakala Pakuhaji”, “Kurdi”, “Sasakala Cilegok Sebrot”, “Sasakala Lembur Ngamprah”, “Ciledug”, “Curug Lalay”, “Curug Awang”, “Lapang Pakusarakan”, jeung “Legok Dasé”.

Unsur struktural nu digunakeun pikeun nganalisis dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat ngawengku téma, galur, palaku, latar, jeung amanat. Téma nu aya dina dongéng di Kacamatan Ngamprah, Kabupatén Bandung Barat lolobana ngeunaan asal-usul ngaran hiji patempatan. Lian ti éta, téma séjén nya éta ngeunaan riwayat hirup saurang tokoh ogé kahirupan sapopoé manusa. Galur dina ieu dongéng sakabéhna ngagunakeun galur mérélé. Palaku dina ieu dongéng aya anu jadi palaku utama, aya nu jadi palaku tambahan. Anapon watek dina unggal palakuna katitén dina paripolah sarta sikep. Latar dina ieu dongéng dibagi jadi tilu, di antarana nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial, anu katitén dina unggal dongéngna. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng di Kacamatan Ngamprah, Kabupatén Bandung Barat téh kawilang réa. Saperti dina

dongéng “Sasakala Cikawati”, “Sasakala Cukang Kawung”, “Lapang Siluman”, “Sasakala Pakuhaji”, “Sasakala Lembur Ngamprah”, jeung “Curug Awang” anu miboga amanat yén urang téh salaku manusa kudu bisa ngjaga, ngariksa, tur ngaraksa alam minimal nu aya di sabudeureun urang. Sabab alam téh tangtu bakal mawa loba mangpaat pikeun kahirupan sapopoé manusa. Dina dongéng “Sasakala Randukurung”, “Jalan Somawinata”, “Kurdi”, jeung “Ciledug”, amanat anu nyangkaruk nya éta yén urang kudu miboga rasa paduli ka sasama manusa saperti nu dilakukeun ku palaku-palaku nu aya dina éta dongéng. Dina dongéng “Reungas” amanat anu nyangkaruk nya éta ulah langsung percaya kana tahayul atawa hal-hal anu mistis. Dina dongéng “Sasakala Cidahu” amanat anu nyangkaruk nya éta kudu nurut ka nu jadi sepuh. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Somawinata” nya éta sikep kawanianana dina ngabéla nagara nalika jaman Walanda. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Sasakala Cilegok Sebrot” nya éta kudu ati-ati dina sagala kaayaan sabab jalma jahat mah bisa aya dimana baé. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Curug Lalay” nya éta kudu sigap dina ngaréngsékeun pasualan. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Lapang Pakusarakan” nya éta kudu miboga rasa sumanget kabangsaan. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Legok Dasé” nya éta akur jeung sasama manusa, sarta upama aya pasualan leuwih hadé diomongkeun heula saacan ngalakukeun tindakan anu matak pibahayaean.

Dumasar kana hasil analisis, unggal dongéng téh ngandung ajén atikan karakter. Tina 18 ajén atikan karakter nurutkeun Kemendiknas, anu nyangkaruk dina dongéng-dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat aya 10 ajén, nya éta *kreatif, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, cinta damai, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab*.

Upama ditilik tina hasil panalungtikan, tina 17 dongéng nu kapanggih di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat, aya 13 dongéng anu bisa dijadikeun bahan pangajaran, di antarana, “Sasakala Randukurung”, “Sasakala Cikawati”, “Sasakala Cukang Kawung”, “Reungas”, “Sasakala Cidahu”, “Somawinata”, “Jalan Somawinata”, “Lapang Siluman”, “Sasakala Pakuhaji”, “Sasakala Lembur Ngamprah”, “Ciledug”, “Curug Awang”, jeung “Lapang Pakusarakan”.

## 5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan ngeunaan invéntarisasi dongéng di Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat nya éta pikeun dilarapkeun minangka bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII. Salian dijadikeun bahan ajar maca dongéng, ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa méré informasi jeung pangaweruh hususna ka masarakat Kacamatan Ngamprah Kabupatén Bandung Barat, ogé umumna ka sakabéh pihak saperti masarakat luareun daérah Kacamatan Ngamprah jeung lembaga-lembaga formal atawa non formal.

## 5.3 Rékoméndasi

Sawatara rékoméndasi nu ditujukeun utamana pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber referensi atawa bisa ngawewegan kana panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Pikeun guru, dipiharep ieu dongéng bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di SMP. Pikeun masarakat bisa nambahan élmu pangaweruh dina widang sastra hususna dongéng,

